гъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

КъыздэкI. я 18 илъэс

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП(б)-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

1944 илъэс
Октябрэм и 20
Бэрскэшху
№ 121 (3785)

Ыуасэ ч. 20

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Генерал-полковникэу ПЕТРОВЫМ факIо*

Я 4-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэмэ наступление ашIызэ, КАРПАТСКЭ ХРЕБЕТЫР зэпатхьугъ ыкIи ЛУПКОВСКЭ, РУССКЭ, УЖОКСКЭ, ВЕРЕЦКЭ, ВЫШКОВСКЭ, ЯБЛОНОВСКЭ, ТАТАРСКЭ перевалхэраштэхи, фронтымкIэ километрэ 275-рэ ишъобгъуагъэу, километрэ 20-м щегъэжьагъэу 50-м нэсэу Чехословакием итерритории кIоцIырыхьагъэх.

Наступленнер ашIызэ фронтым идзэхэмэ Чехословакием икъалэхэу КЕРЕШМЭЗЕ (ЯСИНА), РАХОВ зыфаIохэрэр ыкIи населеннэ пункт инхэу ЧЕРТИЖНЕ, ВЕЛЬКА ПОЛЯНА, РУСКЕ, ЛЬЮТА, УЖОК, НИЖНИ ВЕРЕЦКИ, ЗАЛОМИСКА, ПИЛИПЕЦ, ГОЛЯТИН, ТОРУНА, НАД БОЧКО зыфаIохэрэри аштагъэх ыкIи Севернэ Трансильванием къалэу СИГЕТ щаштагъ.

КАРПАТ зэпырыкIынхэмкIэ ашIыгъэ заохэмэ генерал-полковникэу ГРЕЧКЭМ, генерал-лейтенантэу ЖУРАВЛЕВЫМ, генерал-майорэу ГАСТИЛОВИЧЫМ, генерал-лейтенантэу ГОРДЕЕВЫМ, генерал-майорэу ЛАЗЬКО, генерал-майорэу МЕЛЬНИКОВЫМ, генерал-майорэу АФОНИНЫМ, генерал-майорэу ВЕДЕНИНЫМ, генерал-майорэу БЕЖКО, генерал-майорэу ЯНКОВСКЭМ, генерал-майорэу ЛИСИНОВЫМ, генерал-майорэу ПОДШИВАЙЛОВЫМ, генерал-майорэу ФРОЛОВЫМ, генерал-майорэу ПРОХОРОВЫМ, генерал-майорэу ДУДАРЕВЫМ, генерал-майорэу КОЛДУБОВЫМ, генерал-майорэу УМАНСКЭМ, генерал-майорэу ФАДЕЕВЫМ, полковникэу ДРЯХЛОВЫМ, полковникэу БАТЛУКЫ, полковникэу ПАХОМОВЫМ, полковникэу НОВОЖИЛОВЫМ, полковникэу ЖЕРДИЕНКЭМ, полковникэу ЧЕРНЭМ, полковникэу УГРЮМОВЫМ, полковникэу ВАСИЛЬЕВЫМ ядзэхэр; артиллерием игенерал-лейтенантэу КАРИОФИЛИ, артиллерием игенерал-майорэу БРИЧЕНОК, артиллерием игенерал-майорэу НАЙДЕНКОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ТВЕРЕЦКЭМ, артиллерием игенерал-майорэу ЖИБУРКУС, полковникэу ШАРАПОВЫМ, полковникэу ЯКОВЛЕВЫМ, полковникэу БРОЗГОЛЬ, полковникэу НИКИТИНЫМ, полковникэу ПОНОМАРЦЕВЫМ, подполковникэу ФИЛИМОНОВЫМ, подполковникэу ЗАИКИНЫМ, подполковникэу СИЛАЕВЫМ, подполковникэу ГОРБАТЕНКЭМ, майорэу ПИСЬМЕРОВЫМ, майорэу КАЗАКОВЫМ, подполковникэу ТЕРЕХИНЫМ яартиллеристхэр; танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу СОЛОВЬЕВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу РАЙКИНЫМ, полковникэу СЕРОВЫМ ятанкистхэр; авиацием игенерал-лейтенантэу ЖДАНОВЫМ, авиацием игенерал-лейтенантэу НАНЕЙШВИЛИ, авиацием игенерал-майорэу ГОЛОВНЯ, авиацием игенерал-майорэу КОТЕЛЬНИКОВЫМ, авиацием игенерал-майорэу ЛАКЕЕВЫМ, авиацием игенерал-майорэу ПУХОВЫМ, подполковникэу ЕФРЕМОВЫМ, подполковникэу СЕРИКОВЫМ ялетчикхер; инженернэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу КОЛЕСНИКОВЫМ, полковникэу ДАВИДЕНКЭМ, полковникэу ГОВОРОВЫМ, полковникэу ЖУРИНЭМ, подполковникэу НАУМОВЫМ, полковникэу БАРАШ ясаперхэр; связым идзэхэмэ ягенерал-лейтенантэу МАТВЕЕВЫМ исвязистхэр къащыхэщыгъэх.

ТекIоныгъэу ашIыгъэр ознаменовать шIыгъэным пае, КАРПАТ зэрэпхырыкIыгъэхэмкIэ заоу ашIыгъэхэмэ анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкIи частхэр, „КАРПАТСКЭ“ цIэхэр афашIынхэм ыкIи орденхэмкIэ наградить ашIынхэм фэшIы представить къэшIыгъэнхэ фае.

Непэ, октябрэм и 18-м, сыхьатэр 22-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА, Родинэм ыцIэкIэ, я 4-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ шIагъохэу, КАРПАТХЭМ азэпырыкIыгъэхэмэ—топ шъитIурэ тIокIырэ плIырэр зэдаохэзэ огъу тIокIыкIэ салют афешIы.

О узипэщэ дзэхэу, КАРПАТ зэрэзэпырыкIыгъэхэмкIэ ашIыгъэ заохэмэ ахэтыгъэхэмэ, дэгъу шъыпкъэу зэрэзэуагъэхэм фэшIы БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитыныгъэрэ инезависимострэ апае ашIыгъэ заохэмэ ахэкIодэгъэ геройхэм егъэшIэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакIохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр Советскэ Союзым и Маршалэу* ***И. СТАЛИН.***

Октябрэм и 18 1944-рэ илъэс.

## В. М. МОЛОТОВЫМ БОЛГАРСКЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЕННЭ ДЕЛЕГАЦИЕМ ИЧЛЕНХЭР ПРИНЯТЬ ЫШIЫГЪЭХ

Октябрэм и 17-м СССР-м и IэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Народнэ Комиссарэу В. М. Молотовым, Болгарскэ Правительственнэ делегацием ичленхэу—IэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Министрэу г-н П. Стайновыр, делегацием ипредседатель, без портфель Министрэу г-н Н. Петковыр ыкIи ФинансэмкIэ Министрэу г-н П. Стояновыр, ахэмэ ягъусэхэу делегацием исоветникхэу профессорэу Д. Михалчовыр, генерал-полковникэу Г. Поповыр ыкIи полковникэу И. Антоновыр—перемирием ехьылIагъэу зэдэгущыIэнхэм фэшIы Москва къэкIуагъэхэр принять ышIыгъэх.

Приемым СССР-м и IэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Народнэ Комиссарым и Заместителэу А. Я. Вышинскэр хэсыгъ.

## Теуцожь районым щыщ колхозэу „Пщыщэм“ 1944-рэ илъэсым Iофэу ышIагъэм ехьылIагъэу

### ВКП(б)-м ИАДЫГЭ ХЭКУ КОМИТЕТЫ ИБЮРО 1944-рэ ИЛЪЭСЫМ ОКТЯБРЭМ и 14-м УНАШЪОУ ЫШIЫГЪЭР

Колхозэу „Пщыщэм“ Iофэу ышIагъэм ехьылIагъэу, председателэу Пэнэшъу Хьисэм идоклады ВКП(б)-м иобкомы ибюро едэIугъ ыкIи мэкъу-мэщ IофшIэнхэмкIэ колхозэу „Пщыщэм“ гъэхъэгъэ бэкIаехэр ышIыгъэхэу, хэкум пэрытныгъэр щызыубытыгъэмэ ащыщэу ыгъэуцугъ.

Колхозым заом ыпэкIэ лэжьыгъэ шIапIэу иIагъэм зэрэкIигъэхьажьыгъэм имызакъоу, ащ гектар 40 къыригъэхъугъ. Колхозникхэм ыкIи колхозницэхэм зэмыблэжьэу Iоф ашIэзэ, колхозым игубгъохэмэ мыгъэ лэжьыгъэ бэгъуагъэ къащагъэкIыгъ ыкIи гъорекIорэ илъэсым лэжыгъэу къахьыжьыгъагъэм нахьи нахьыбэ ащ къырахыжьыгъ, ар игъом ехъулIэу аугъоижьыгъ.

Колхозым сыд фэдэрэ поставкэу государствэм ритын фаеу телъым иплан октябрэм и 4-м ехъулIэу ыгъэцэкIагъ: зерновойхэмкIэ—проценти 106-рэ, семчыкымкIэ—проценти 103-рэ. Лы тынымкIэ илъэс планэу иIэр процент 366,6-у, щэ тынымкIэ—проценти 145,4-у, мэкъу тынымкIэ—проценти 100-у ыгъэцэкIагъэх. Былым хъуным изыкъегъэIэтыныкIэ 1944-рэ илъэсым иплан: былым пIашъэхэмкIэ проценти 103-у, мэлыхэмкIэ—проценти 103,5-у ыгъэцэкIагъэх. Колхозым былымэу иIэхэмэ кIымафэм Iусэу ашхыщтхэр икъоу ыгъэхьазырыгъэх ыкIи фермэмэ къарищэлIэжьыгъэх. Колхозыр бжыхьэ лэжьыгъэ хэлъхьаным фэхьазыр шъыпкъэу пэгъокIыгъ ыкIи ащ ихэлъхьан 1944-рэ илъэсым октябрэм и 13-м ехъулIэу ыухыгъ.

Колхозэу „Пщыщэм“ иколхозникхэмэ 1944-рэ илъэсым къыкIоцIы Красная Армием ифонд пае сомэ мин 210-рэ IэрылъхьэуатыгЪ, ар Iоф зышIэн зылъэкIыщт нэбгырэ пэпчъ сомэ 1.500-рэ мэхъу.

Мы илъэсым къыкIоцIы колхозым строительствэмкIэ Iофышхо ышIагъ: вагон 45-рэ чIэфэнэу тутын сушилкэрэ ыкIи вагон чIэгъэхьапIитIу иIэу тутын къакъыррэ, лэжьыгъэр чIэлъынэу, квадратнэ метрэ 200 хъоу навесрэ, былым 40 чIэфэнэу къакъыррэ арагъэшIыгъэх, зэкIэ былым щытыпIэхэр агъэцэкIэжьыгъэх ыкIи колхоз правлением пае квадратнэ метрэ, 80 хъоу кIэу унэ арагъэшIыгъ, мести 150-рэ иIэу клуб арагъэшIыгъ.

Колхозым иправление ыкIи ащ ипредседателэу тов. Пэнэшъум фронтовикхэмэ ябынхэмэ инэу анаIэ атырагъэты, унэ 35-рэ афарагъэшIыгъ ыкIи афарагъэгъэцэкIэжьыгъ, чэм зимыIэхэу унэгъуи 8-мэ шкIэхэр аратыгъэх.

Колхозэу „Пщыщэм“ а гъэхъагъэхэр ышIынэр къызхэкIыгъэр колхозникхэм ыкIи колхозницэхэм зэмыблэжьэу Iоф зэрашIэрэр, звенохэм дэгъоу Iоф зэрашIэрэр, индивидуальнэ ыкIи куп цIыкIоу хъурэ сдельщинэ IофшIакIэр инэу зэрагъэфедэрэр, трудовой дисциплинэ икъу зэрахэлъэр ыкIи илъэс 12 зыныбжь кIэлэцIыкIухэмэ къащегъэжьагъэу илъэс 85—90-рэ зыныбжь лIыжъхэм ыкIи ныожъхэм анэсэу, зэкIэ Iоф зышIэн зылъэкIыщтхэр мэкъу-мэщ IофшIэнхэм дэгъоу зэрахэлажьэхэрэр ары. Гурытым тетэу колхозым членэу хэтым пэпчъ мэзи 9-м къыкIоцIы трудодень 200-м ехъу къыгъэхъагъ, трудодень 380-400 къэзыгъэхъагъэу ахэтэри бэ мэхъу.

Колхозым лэжьэкIо Iэмэ-псымэу иIэхэр тэрэзэу егъэфедэх. Шэу ыкIи цоу иIэхэр имыкъу зыхъукIэ (шэу иIэр 10, цоу иIэр 8, лэжьыгъэ шIапIэр гектар 496), колхозникхэмэ чэмэу яIэхэр жъоным, лъэшъоуным, лэжьыгъэ хэлъхьаным ыкIи лэжьыгьэ ищыным инэу щагъэфедэх.

Губгъо IофшIэнхэр зыщашIэрэм къыкIоцIы колхозникхэмэ ячэм 60-м ехъурэмэ Iоф ашIэ. Колхозникхэу, Шъуаджэ Гощхъанэм ичэмыкIэ пуд 1.020-рэ рищэлIагъ, Пэнэшъу Джанчэрием (илъэс 72-рэ зыныбжь лIыжъ) щэу центнер 78-рэ ыкIи лэжьыгъэу пуд 1.200-рэ рищэлIагъ ыкIи ащ анэмыкIхэри ары.

Колхозым былым кIуачIэу иIэхэмкIэ ыкIи колхозникхэмэ ячэмхэмкIэ мыгъатхэ гектари 147-рэ ажъуагъ, гектар 274-рэ аулъэшъоугъ, гектар 345-рэ халъхьагъ, гектар 484-рэ хъурэ лэжьыгъэр, гектар 12 ифэшъхьафрэмкIэ, IэкIэ аугъоижьыгъ, семчык гектар 62-рэ IэкIэ аутыжьыгъ.

Колхоз правлением зэкIэ колхозникхэр ыкIи колхозницэхэр социалистическэ соревнованием зэлъыхищагъэх. Колхозым Джэджэхьаблэ советым щыщ колхозэу Сталиным ыцIэкIэ щытым соревнование дешIы ыкIи мэкъу-мэщ IофшIэн пстэухэмкIи апэрэ чIыпIэр хэкум щиIыгъ, ВКП(б)-м ихэку комитетрэ хэку исполкомымрэ языIэпахрэ Красное знамя къыхьыгъ. Бригадэхэм ыкIи звенохэм азыфагу социалистическэ соревнованием зыщаригъэушъобгъугъ.

Стахановскэ IофшIакIэм тетэу, дэгъоу Iоф зэрашIэрэм фэшIы апэрэ губгъо бригадэм извенэу, тов. Тыгъужъ Шъхьаблэцэр зизвеновоим ыкIи я 2-рэ губгъо бригадэм иапэрэ звенэу, т. Шъуаджэ ФатIимэтыр зизвеновоим фронтовой званиехэр афашIыгъэх.

ЗэкIэ бригадэхэм ыкIи звенохэм чтец-беседчикхэр афагъэнэфагъэх, ахэр ренэу газет къафеджэх ыкIи текущэ темэхэм яхьылIагъэу политическэ беседэхэр адашIых.

Джы дэдэм, сыд фэдэрэ мэкъу-мэщ IофшIэнэу иIэхэр октябрьскэ социалистическэ революциешхом ия 27-рэ годовщинэ ехъулIэу зэриухыным сельхозартелэр фэбанэ.

ВКП(б)-м ихэку комитеты ибюро **унашъо ешIы:**

1. Колхозэу „Пщыщэм“ иправлениерэ ыкIи ащ ипредседателэу тов. Пэнэшъу Хьисэмрэ пэщэныгъэ икъу зэрэзэрахьагъэм, джащ фэдэу колхозникхэм ыкIи колхозницэхэм агу етыгъэу ыкIи зэмыблэжьхэу Iоф зэрашIагъэм къахэкIэу колхозэу „Пщыщэм“, немецкэ-фашистскэ техакIохэр рафыжьхи, шъхьафит зашIыжьыгъэр илъэси 2 зыщыхъурэм, ихозяйствэ анахь мэхьанэ зиIэ иотраслэхэр зыпкъ ригъэуцожьыгъэхэу, заом ыпэкIэ лэжьыгъэу ышIэщтыгъэм нахьи нахьыбэ ышIэ хъугъэу ыкIи гъорекIорэ илъэсым елъытыгъэмэ, мыгъэ культурэ пстэумкIи нахь лэжьыгъэ дэгъу къыхьыжьыгъэу тэгъэуцу.

Поставкэ пстэумкIи къэралыгъом ритын фаехэр ипIалъэм къыпэу колхозым ытыгъэх ыкIи колхозникхэмэ ящыIакIэ ренэу зыкъырегъэIэты. Колхозникхэм ыкIи колхозницэхэм товарищ Сталиным гущаIэу ратыгъагъэр щытхъу хэлъэу агъэцакIэ.

2. Гъэхъагъэу ашIыгъэхэр зыIэкIамыгъэкIынэу ыкIи тапэкIи хо-

(Иухыпlэ я 2-рэ нэкIуб. ит).

